TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

MITRA NOE

TANL

DJILID X.



31
tal
m

PNRI Balai Pustaka

24-n
12
P
631 Ar

MITRA NOE TANI.

DJILID N°. X.

(ASMARANDANA).

Lamoen moenggoeh djoeroe tani, ngamoeljakeun pĕpĕlakan, diome dihade-hade, eta teh toemarimana, ngoengkoelan ka manoesa, lipĕt poeloeh lipĕt ratoes, malĕsna ka noe roemawat.

Ditjitakna di kantor tjitak kangdjĕng
Goepĕrnĕmen dina tahoen
1893.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Hak Cipta

PI

HAL MĚLAK BALINGBING DI DĚMAK.

KARANGANNANA RADEN MAS TOEMĚNGGOENG ARIO ADININGRAT, BOEPATI DĚMAK.

Di Dĕmak digĕdekeun pisan mĕlak balingbing. Di piarana dihade-hade nĕpi ka djadi dagangan gĕde di waroeng-waroeng djeung di pasar-pasar: kitoe deui sok didjaroewalan di station atawa di pangeureunan tĕrembaj (kareta api) sarta sok dikirimkeun oge ka sedjen-sedjen afdeeling anoe tĕpoeng watĕs djeung Dĕmak.

Noe sok njaraba taroempak tĕrembaj tangtoe tarĕrangeun hal ijeu.

Oepama tĕrembaj datang ka station atawa pangeureunan di kota, sarta keur oesoem balingbing, meh taja lian noe kadeuleu ngan awewe-awewe djeung baroedak noe nalawarkeun dagangan balingbing bae.

Djalma-djalma njaraba toempak tĕrembaj kawasna bareukieun nakĕr kana balingbing, djadi ti barang moeka nambangan tĕrembaj, dagangan balingbing teh tambah madjoe bae, nĕpi ka ajeuna rejana tangkal balingbing nikĕl doewa.

Ari boewahannana 3 kali dina sataoen, oepama hade piaraännana.

Dina mimiti ngidjih eta tangkal-tangkal balingbing karĕmbangan, tapi koe sabab baridjilna kĕmbang teh hĕnteu barĕng sama sakali, tjara boeboewahan noe ngan sakali bae boewahannana dina sataoen, djadi moepoena teh lila, noengtoet nĕpi ka meh sataoen djĕpoet aja bae boewah balingbing, ngan lobana djeung ngeunahna sok oesoem-oesoeman.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Dina oesoem ngidjih boewah-boewah balingbing sok galĕdo djeung reja tjaina, tapi biasana sok koerang amisna djeung hĕnteu sareungit tjara dina oesoem katiga.

Ngadjoewalna karejaännana saratoes-saratoes, ari hargana naek toeroen ti ƒ 0.75 nĕpi ka ƒ 5, koemaha oesoemna djeung koemaha aloes gorengna boewahna bae.

Di station atawa di pangeureunan tĕrembaj didjoewalna balingbing sok diketeng diwadahan sapoeloeh-sapoeloeh dina karamba atawa tjarangka leutik, soepaja babari njodorkeunnana.

Balingbing noe asak dina tangkalna sok aja oge di pasar tapi tjarang; eta mah estoening ngeunah katjida.

Ti bareto oge geus aja balingbing, tapi tatjan reja tangkalna tjara ajeuna. Tina beuki tambah bae pajoena, mimitina mah eta matak tambah teu hade kana roepana boewahna, sabab kadjeun tatjan sakoemaha asakna sok dipĕtik bae, da teu boeroeng pajoe, tapi laoen-laoen djĕlĕma noe marĕlak djadi apik deui, koe sabab balingbing noe aloes djadi oenggoel pisan hargana.

Di taoen 1883, waktoe moeka nambangan tĕrembaj, oerang Dĕmak ngaharti, jen lain ngan koedoe ngareaän mĕlak bae, tapi koedoe oge neangan akal sedjen, soepaja tambah hade djeung leubeut boewahna.

Dina lain oesoemna oge di Dĕmakmah aja bae balingbing, tapi peujeuman, djadi koerang ngeunahna hĕnteu tjara keur oesoem reja.

Koe sabab sobat-sobat toewan-toewan djeung priboemi rĕmĕn pisan menta ka koela siki balingbing keur bibit atawa tjangkokna djadi tĕrang pisan reja noe sĕdĕp kana eta boewah-boewah.

Saha-saha noe hajang bibit balingbing hade njĕratan bae ka koela, mangke koe koela dikirim lamoen di koela njampak aja keneh.

Waktoe djaman hese keneh soesoeratan atawa kikiriman reja oge anoe harajangeun ngaliarkeun boeboewahan atawa pĕpĕlakan noe gĕde mangpaätna, tapi koe tina sabab hese tea djadi hĕnteu bisa. Ajeuna mah geus ganti djaman, reja pisan pĕtana pikeun ngaliarkeun naon noe djadi mangpaät.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Dihandap ijeu koe koela ditjaritakeun hal mělakna tangkal balingbing.

ROEPANA.

Sapĕrti boewah-boewah sedjen noe beunang didahar, balingbing oge roepa-roepa, aja noe hade aja noe goreng.

Ari balingbing noe kasĕboet hade aja 3 roepa, nja eta:

1°. Roepa dingaranan balingbing „djinggo", sabab asakna eta boewah balingbing koneng kolot semoe rada beureum (basa djawana djinggo).

2°. Balingbing „koenir" (koenjit), anoe matak disĕboet kitoe sabab asakna eta balingbing koneng.

3°. Balingbing „kapoek" sabab eta balingbing lĕmĕs tjara „kapoek".

Ari noe kasĕboet bangsa goreng ngaranna balingbing »waloelang" (koelit), sabab koelitna kandĕl djeung kasar tjara koelit bae.

Djaba ti roepa-roepa balingbing noe geus kasĕboet diloehoer aja deui roepa sedjen, tapi hĕnteu pĕrloe disĕboetan hidji-hidji, reh meh sakaroepa bae, sarta ngaranna hĕnteu saroewa: roepa-roepa pisan, malah aja noe ahli pada ahli teu saroewa njĕboetna kana hidji roepa balingbing keneh.

MĚLAKNA.

Tangkal balingbing babari pisan ditjangkokna; kitoe deui sikina anoe toehoer sarta moeloes gantjang nakĕr djadina.

Tjara boeboewahan sedjen bae mĕlak balingbing oge hade tjangkokna ti batan pĕtetannana, sabab ari tangkal balingbing noe asalna tjangkokmah sok tara pati beda ti indoengna dina roepana atawa rasana oge, kitoe deui sok leuwih gantjang boewahannana tibatan noe asalna tina pĕtetan tea, ngan sok koerang awet oemoerna.

Ari panghade-panghadena njangkokna koedoe milihan dahan anoe lĕmpĕng sarta nangtoeng.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Oepama euweuh dahan kitoe, neukteuk bae hidji dahan soepaja tina handapeunnana noe dikadek tea bidjil siroeng noe lĕmpĕng, malah dina dahan noe geus ditjangkok oge sok bidjil deui dahan siroeng noe lĕmpĕng kitoe.

Ari ngipoekna siki kijeu:

Ipoekannana koedoe diawoeran lĕboe heula, geus kitoe sikina toeloej diaseuk, tjarangna kira-kira $^1/_2$ kaki. Oepama geus djadi sarta djangkoengna geus ± $3^1/_2$ d. M. (35 dim ello) koedoe dipindahkeun kamana karĕp oerang mĕlak. Lamoen oerang ĕmboeng hese njijeun ipoekan, njokot bae hidji kas eusijan taneuh, eta oge beunang didjijeun ipoekan.

Reja oerang priboemi noe ngipoekna babari tapi lalawora pisan, kijeu atoerannana:

Eta bibit diawoerkeun bae kana hidji loewoek taneuh noe kaijoehan toer baseuh; dimana aja noe djaradi sarta geus kira-kira 3 boelan oemoerna, toeloej dipindahkeun ka tĕmpat sedjen, mĕlakna rada ditjarangan soepaja oelah pabeulit akarna; ari djangkoengna kira-kira geus $^1/_2$ ello ($1^1/_2$ kaki), dipindahkeun deui kamana karĕpna mĕlak.

Eta koe atoeran kitoe teh tangtoe pisan reja siki anoe baroeroek hĕnteu djaradi, noe matak eta mah lain toeroetaneun.

Siki-siki bibit noe diipoek tea koedoe oelah kakoerangan tjai; koe sabab eta taneuhna oelah pisan meunang toehoer teuing.

Heuleut 2 à 3 powe koedoe ditjebor mana taneuh noe geus rada tochoer.

HAL MIARANA TANGKAL BALINGBING.

Tangkal balingbing tara pati gĕde. Djangkoengna didijeu ngan 3 nĕpi ka 5 ello. Di noe ijoeh djeung di noe nĕgrak djadina meh saroewa bae. Panghade-hadena mah di noe katodjo koe panon powe, tapi lioeh hĕnteu katodjo koe angin.

Oerang priboemi anoe singgĕt lahanna hĕnteu ngingĕtkeun kana meudjeuhna tjarangna, nja mĕlaknateh di saboga-bogana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p

bae, dina pakarangan padeukeut djeung tangkal-tangkal sedjen, tjarangna oge ngan 2—3 ello (6 nĕpi ka 16 kaki) bae, sarta di noe hijeum pisan.

Tjek kolot, balingbing anoe kitoe dipĕlaknateh nĕpi ka 20 à 25 taoen boewahannana; tapi ari lilana beunangna kaoentoenganmah hĕnteu aja noe bisa nĕrangkeun, ngan biasana noe geus loembrah kĕbon balingbing ti bapa noengtoeroen nĕpi ka anak, intjoe, boejoet teroes bae balingbingna boewahan, sangkilang hĕnteu diome dipangkas noeroetkeun koemaha mistina.

Oepama oerang ngoeriling di kota Dĕmak saparat-parat djalan sisi kali Toentang atawa slokan ka kampoeng-kampoeng Sampangan, Blambangan, Karangbajan, Djogolojo, Tempoeran djeung satoeloejna hĕnteu aja lian noe kadeuleu ngan kĕbon-kĕbon balingbing, patĕpoeng-tĕpoeng watĕs; kareannana dipakarangan.

Tapi naha bĕt di sisi-sisi waloengan bae?

Eta ĕngke kanjahoan sababna, dina tjaritaan miarana tangkal balingbing. Tangkal-tangkal balingbing noe panghadena sarta leubeut boewahannana, tjarangna koedoe sakoerang-koerangna 4 Meter. Lamoen tĕmpatna hĕnteu hijeum djeung hĕnteu katodjo koe angin sok tjoekoel beubeunangannana. Dina 1 tangkal noeroetkeun kana gĕdena, oemoerna djeung piaraannana sok meunang 100 nĕpi ka 300 boewah, sarta dina sakalina oesoem aja 30 % boewahna noe pangaloesna, eta teh kadjaba ti noe goreng sok dipake roedjak.

Dina 4 à 5 taoen ti saĕnggeusna balingbing dipindahkeun tea geus mimiti kĕmbangan, tapi hĕnteu djadi boewah; mindona kĕmbangan djadi oge boewah, tapi hĕnteu reja, katiloe kalina tambah, ka 6 taoenna kakara beunang kaoentoenganana, tapi kitoe oge oepama salamĕt.

Ari tangkal balingbing noe asalna tina tjangkok mah leuwih tereh beunang hasilna djeung boewahna teu daekeun geseh ti djinisna.

Soepaja ngeunah boewahna koedoe dipitjeunan pangpoengna, djeung tjek sawareh noe boga kĕbon koedoe dikĕrokan loekoetna dina tangkalna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Kĕbon balingbing sakoerang-koerangna 2 kali dina sataoen koedoe dikored, djeung hadena ngoredteh koedoe saĕnggeusna dipoepoe boewahna. Lamoen dikored keur karĕmbangan, sok reja pisan kĕmbangna noe maroerag.

Dina oesoem ngidjih kĕbon balingbing koedoe didjaga soepaja oelah kareaän teuing tjai, kitoe deui sabalikna dina oesoem katiga akar-akarna oelah kakoerangan tjai. Kijeu akalna:

Hidji-hidji tangkal koedoe dikoerilingan koe lombang leutik antarana tina tangkalna lombang noeroetkeun koemaha gĕdena tangkal, tina 0,50 nĕpi ka 1,50 M.

Tina lombang kana lombang deui koedoe make kamalir, soepaja tjaina tĕpoeng tina lombang kana lombang deui djeung hĕnteu njangkroeng dina eta lombang.

Heuleut 3 atawa 4 powe lombang anoe pangdeukeut-deukeutna ka sisi waloengan dina oesoem katiga dikotjoran tjai koe lodong atawa koe ember, mimiti ngotjor kana 1 tangkal, tidinja toeloej kana kamalir noe patoemboe-toemboe tea nĕpi ka kabeh tangkal katjaian.

Rada kalobaän teuing tjai dina oesoem katiga hĕnteu matak naon-naon.

NGADJAGA MOEPOENA.

Lamoen tangkal balingbing kĕmbangannana dina oesoem katiga, koedoe tĕroes bae ditjaian tjara noe geus kasĕboet di loehoer, sabab lamoen koerang tjai sok moerag kĕmbangna djeung pĕntilna.

Lamoen hajang boewahna hĕnteu roeksak nĕpi ka asakna pisan, koedoe toelaten pisan ngadjagana.

Engang sok ngaroeksak pisan kana boewah balingbing; koe sabab eta koe oerang koedoe didjaga nakĕr.

Oepama boewah balingbing diseuseup koe eta sato atawa koe hileudna, toeloej bae boeroeng, kadjadiannana tara beunang didahar koe oerang.

Kira-kira boewah balingbing geus sagĕde ĕndog hajam (pandjangna 5 à 6 M. koemaha bangsana balingbing bae) koedoe geuwat boengkoesan hidji-hidji atawa saranggeuj-saranggeuj koe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

daoen djati atawa daoen sedjen, noe dipambrih soepaja hama sato hĕnteu bisa asoep, djeung soepaja boewah balingbing lĕmĕs sarta aloes roepana, sanadjan balingbing bangsa hade sarta asak oge oepama nĕgrak teuingmah, sok leungit ngeunahna.

Lamoen teu aja daoen, lawon oge beunang dipake boengkoes, dapon noe harijeum bae, kitoe deui daoen klapa atawa daoen pandan meunang nganjam, atawa tapas klapa, tapi kabeh oge hĕnteu hade sapĕrti daoen djati.

Soepaja boewah balingbing hĕnteu aja halangan ngagĕdeannana, ngaboengkoesannana koedoe kĕndor pisan, oelah antĕl kana boewahna, djeung tina sahidji hidji ranggeujan koedoe dialaän boewahna sawareh, sapĕrti anoe saranggeuj 2 à 3 koedoe diala 1, tina 5 ala 2, soepaja anoe tinggal djadi hade djeung gĕde. Memeh diboengkoesan koedoe diilikan heula masing awas bisi aja boewah balingbing anoe ĕnggeus keuna hama engang atawa sedjen-sedjen hama, sabab ari anoe ĕnggeus keuna hamamah, hĕnteu pĕrloe diboengkoesan, geuwat ala bae, da diboengkoesan oge, mowal daekeun djadi hade, anggoer djoewal roedjakeun.

Oepama diboengkoesan samemeh meudjeuhna gĕdena, eta oge hĕnteu hade, sabab sok maroerag.

Kira-kira ĕnggeus saboelan mimiti boewah balingbing arasak sawareh-wareheun, ari geus kitoe koedoe rĕmĕn ngariksa, mana noe geus arasak toengtoet bae ala.

Tapi noengtoetna ngala hade sakalian bae barĕng djeung noengtoet moengkoesan tea, sabab eta oge moengkoesan teh hĕnteu beunang sama sakali, koedoe noengtoet bae. Tapi sanadjan geus diboengkoesan oge, tatjan poetoes keneh bae pangdjagana hama.

Manoek, londok, lalaj, beurit ana ngambeu seungitna balingbing toeloej bae maroro kana boewah noe geus asak. Rĕmĕn pisan oerang manggih dina djĕro boengkoesan lain balingbing, tapi diganti koe beurit atawa badjing atawa lalaj.

Manoekmah hĕnteu sakoemaha matak soesahna, sabab daratangna tibeurang, djadi gampang ngaboeboerakna, kitoe deui londok, reh hĕnteu reja. Ngan lalaj djeung beurit bae noe matak soesah teh, karana daratangna tipeuting.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

Akalna tatjan kapanggih pikeun ngabasmi ijeu hama. Aja oge noe naheunan sënteg atawa tjoebloek, tapi eta hënteu tjoekoep, ngan saeutik bae noe beunang.

TJARANGNA NOE DIPĚLAKAN BALINGBING.

Kěbon balingbing biasana lalĕga pisan, aja kěbon noe eusina ngan 100 tangkal, tapi hënteu reja, karejaännana leuwih ti 300 tangkal eusina 1 kěbon.

Di 7 desa sakoeriling Dĕmak toeroet-toeroet sisi waloengan kěbon balingbing bae ngiplik ngaplak, sarta kabeh dipiara; anoe matak toeroet-toeroet sisi waloengan nja eta soepaja dina oesoem katiga babari ngotjorkeunnana tjai kana eta kěbon balingbing.

Diloehoer geus disĕboetkeun, jen koe sabab ti saënggeus moeka nambangan tĕrembaj taoen 1883 beuki pajoe bae boewah balingbing teh, djadi ajeuna meh nikĕl reana tangkal balingbing.

Di taoen 1883 ngan aja 16,352 tangkal, ari ajeuna geus aja 30.597 tangkal, djadi dina 10 taoen nambahannana 14.245 tangkal.

Ajeuna kěbon balingbing teh masih keneh bae ngalĕgaännana.

Di handap ijeu ditĕrangkeun koemaha kaajaännana kěbon djeung tangkal balingbing bareto djeung ajeuna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Ngarana Desa.	Rejana kĕbon atawa noe boga pakarangan.	REJANA TANGKAL.					
		Sadjoemblahna.			Dina 1 kĕbon.		
		Di taoen 1883.	Tambah ajeuna.	Djoem-blah.	Gitik rata.	Sakoerang-koerangna.	Pangreja rejana.
Sampangan.	65	1494	1583	3077	47	10	140
Karangbajan.	38	1357	1778	3135	82	14	430
Blambangan.	40	830	958	1788	44	12	150
Tĕmpoeran.	163	8602	5814	14.416	87	11	223
Bĕtokan.	53	1203	2110	3313	62	10	200
Kapĳak.	35	718	1153	1871	53	10	140
Brandjangan.	27	2148	849	2997	111	30	311
	421	16.352	14.245	30.579	—	—	—

Dina ĳeu staat katara jen di sawareh desa tambahna leuwih reja ti batan rejana asal.

Kitoe deui tĕrang pisan jen gampang nakĕr madjoena, lamoen noe leutik hĕnteu koedoe lila noenggoe hasil kesangna, dimana-mana oge babakoena koedoe tembong pihasileunnana kakara djĕlĕma daek.

Lamoen eta mĕlak balingbing hĕnteu pati aja hasilna, masih digoegoeloekeun koe pamarentah oge, mowal datang ka sakitoe madjoena.

Tangtoe gĕde mangpaätna, lamoen oerang Dĕmak dihadja dipadjoekeun sina boga prabot noe leuwih hade atawa bibit noe leuwih aloes, soegan tambah oentoeng beubeunangannana tambah hade mijarana, djadi tangtoe mangkena tambah pajoe didjoewalna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

II

TJAOE-TALI MANILA.

Koe Konsol Inggris di Manila énggeus dilaporkeun ka parentah nagrina di boelan April taoen 1891 jen di nagri Manila atawa Pilipina aja hidji bangsa tjaoe noe hade djadina djeung gĕde hasilna, ngaranna Abaka. Ari roepana mĕh djiga tjaoe goenoeng di oerang bae, noe disĕboet koe oerang Soenda *kole* atawa koe Djawa *gĕdang sĕpĕt*.

Eta tjaoe di tanah eta dipĕlakna di djĕro 3 district nja eta diarah ramatna: ari ramatna eta tjaoe sok didjijeun tatalian, tapi djaba ti didjijeun tali aja deui hasilna nja eta didjijeun kanteh ditinoen didjijeun lawon. Tina oerang dinja radjin migawena eta lawon djadi katjida pisan aloesna sarta lĕmĕsna. Lawon-lawon noe meunang njijeun tina ramat eta tjaoe teja djaba ti pakeeun sorangan sok didjoewal ka tanah-tanah sedjen, sarta gĕde pisan oentoengna tina eta djeung tina ramatna, malah di taoen 1890 ladang ramat noe diijangkeun ka sedjen nagri aja kira-kira / 25,000,000 (doewa poeloeh lima joeta roepija).

Oepama noe tani di poelo Djawa arek mĕlak eta tjaoe, piongkoseunnana leuwih moerah ti batan di poelo Pilipina, sabab didinjà koelian mahal batan di oerang sarta tangtoe katjida reja djalma kabaritaeun, koe sabab eta di poelo Djawa teu meunang hĕnteu gĕde kaoentoengannana, oepama noeroet mĕlak tjaoe eta, kitoe deui hade pisan oepama oerang priboemi daek mĕlak eta tjaoe: apĕs-apĕsna baris njijeun rara atawa tambang sarta oepama disaoetak saeutik bae, mowal pati hese, da loba katjida tanah nganggoer teu poegoeh bae. Soemawonna lamoen leukeun mah didjijeun karoeng, keur

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

'wadah kopi, kina djeung sadjaba tidinja, tangtoe pisan gĕde oentoengna; da babari pisan mijarana eta pĕpĕlakan sarta hĕnteu pisan hese diarah ramatna.

Dina boekoe-boekoe sedjen aja deui katrangan hal tjaoe tali eta, anoe pĕrloe kaoeninga, noe matak ditoekil sarta disĕboetkeun di handap.

Tjaoe-tjaoe bakoe noe beunang dihakan boewahna di kapoelowan India-Koelon ramatna sok didjijeun kĕrtas tapi ari liatna djeung koewatna mah djaoeh pisan hĕnteu nĕpi ka ramat tjaoe tali Manila teja.

Tambang noe meunang njijeun tina ramat tjaoe tali Manila ĕnggeus ditandingkeun djeung tambang haramai Eropa, tapi beda pisan koewatna.

Tambang tjaoe tali Manila noe kandĕlna $3^1/_4$ dim Inggris djeung 2 deupa pandjangna dibeungbeuratan koe 4669 pon, tapi ari tambang Inggris mah noe sagĕde kitoe keneh ngan koewat diteundeunnan 3885 pon nĕpi ka pĕgat.

Sarta oepama aja 2 tambang, tambang Inggris djeung tambang tjaoe tali Manila, saroewa gĕdena pada $1^3/_4$ dim djeung saroewa pandjangna, beda katjida koewatna teh: tambang Inggris mah ngan koewat 1184 pon, ari tambang tjaoe Manila nĕpi ka 1490 pon.

Di Amerika mah tambang tina ramat tjaoe Manila digĕdekeun pisan; nja eta sok dipake tambang di kapal-kapal sarta reja deui gawena djaba tidinja.

Oepama di poelo Djawa digĕdekeun didjijeunan tambang tangtoe hasil pisan eta ramat tjaoe tali, sabab hade katjida lamoen koe oerang priboemi didjeudjeut didjijeun heurap, rawe, kodja, meureun ditinoen oge hade didjijeun lawon keur lajar kapal atawa keur naon bae, da mowal euweuh gawena.

Handjakal katjida di oerang tatjan aja prabot paranti njijeun tambang, lamoen geus aja mah, meureun tambah babari sarta leuwih gantjang ti batan koe leungeun teja.

Dina boekoe meunang Toean de Sturler katja 219 aja gambar prabot eta, paranti ngala ramat tjaoe tina gĕbogna. Eta gambar ditoeroen koe koela sakalian djeung gambar hidji parabot, anoe dipake koe oerang poelo Sangir, bawahan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

karesidenan Menado. Eta gambar A djeung B ajana dina toengtoeng ijeu tjarita.

Koela matja deui hidji boekoe karangan Toean Th. Costij, kijeu tjaritaännana hal tjaoe tali:

Eta tjaoe tali ditoewarna koedoe geus oemoer sataoen satĕngah sarta memeh bidjil djantoengna. Oepama memeh sakitoe oemoerna ditoewarna, ramatna teh parondok tapi lalĕměs. Lamoen diala sanggeus kaloewar djantoengna ramatna sok rĕgas.

Ari samemeh dipigawe, gĕbogna koedoe diteundeun di noe ijoeh lilana sapowe atawa doewa powe, toeloej dikĕrok koe peso awi. Ramatna toeloej dikoembah, sarta dianginkeun nĕpi ka toehoer sakali, ari geus kitoe dipilihan noe lĕměs djeung noe badag; babakoena koe awewe.

Tina 100 nĕpi ka 150 tangkal sok djadi ramat 1 pikoel. Anoe lĕměsna ditinoen didjijeun bangsa moeslim, aloes pisan roepana sarta mahal hargana di Manila.

Kamedja-kamedja noe meunang njijeun tina eta, hade katjida djeung dipakena ngareunah tiis.

Di Prasman eta ramat tjaoe sok didjijeun ĕntjit; aneh pisan matak bogoh kĕmbangna, kitoe deui latarna, sarta koe awewe, lalaki diparake badjoe atawa kamedja.

Dina boekoe hidji deui karangan Toean H. Drurij, Dr. Hemter tjaritana kijeu:

Lamoen gĕbog pangloewarna boeroek meueusan tara dipake, sok dipitjeun bae. Anoe dipake teh ngan noe hade keneh bae, diijoehkeun, sanggeusna dialaän tina tangkalna noe ditoewar. Gĕbogna diingkeun heula di noe ijoeh soepaja leuleus meueusan, tidinja diteundeun dina papan, sarta toeloej kĕrok koe sendok beusi, dipitjeun dagingna di arah ramatna.

Oepama ramatna geus beunang, koedoe koembah, peureut, kepret-kepretkeun soepaja dagingna noe narapĕl keneh dina ramat djeung boedoerna leungit. Geus kitoe taheur dina tjisapoe, atawa koembah bae koe saboen Eropa, soepaja leungit geutahna eta ramat; tapi oelah koe saboen noe patjampoer

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

apoe, sabab eta mah seukeut teuing. Lamoen geus brĕsih pisan dikoembahna, koedoe didarajkeun atawa digantoeng soepaja toehoer kaänginan. Ramat-ramat noe baseuh keneh oelah waka dipowekeun, sabab sok djadi beureum sarta hese djadina bodas deui. Anoe matak eta ramat koedoe diteundeun di noe ijoeh, nja eta soepaja djadi tambah bodas, sarta tambah liat. Tah, ngan sakitoe njarijosna Toean Drurij.

Rasa koela eta pagawejan babari djeung teu reja atoerannana.

Paranti misahkeun ramat noe badag ti noe lĕmboet di Eropa aja pabrikna. Hampasna sok didjijeun kĕrtas.

Dipĕlakna eta tjaoe tali babari pisan. Dina taneuh noe lendo gantjang katjida djadina, sarta oepama geus galĕde henteu hese dipijarana. Hidji djalma bisa miara 4 nĕpi ka 5 baoe tjaoe tali.

Di Parakan Salak, kira-kira 1800 kaki loehoerna ti laoet, koela bareto mĕlak anak tjaoe tali paparin Toean Teijsman. Nahoenan antarana tina mĕlak anak tjaoe teja, koela kaget pisan nendjo dapoeran tjaoe geus sakitoe lĕgana, nĕpi ka kira-kira 18 kaki kapandjangna.

Di Waspada kira-kira 4000 kaki loehoerna ti laoet, rada kĕndor djadina, tapi aloes pisan: komo teuing lamoen taneuhna digĕmoek mah. Koe sabab eta rasa koela pĕrloe katjida oerang priboemi njoba-njoba mĕlak eta tjaoe tali.

Tjaoe bĕnĕr di oerang oge ramatna beunang dikokolakeun, didjijeun kĕrtas di pabrik-pabrik, kitoe deui tjaoe leuweung (kole).

Eta pagawean hĕnteu hese sarta hĕnteu matak mejakkeun waktoe, soemawonna lamoen dipigawe koe awewe-awewe noe rĕsĕp tjitjing di imah; geus djadi, didjoewal ka noe dagang ijangkeuneun ka tanah Eropa.

Laporna Toean Konsol noe kasĕboet tadi.

Eta tjaoe hade pisan djadina dina taneuh noe geus pagalo djeung roeroentahan, noe reja kalakaina, kaoentoengannana di pagoenoengan leuwih gĕde ti batan di tanah are.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Di poelo Pilipina djadina eta tjaoe panghadena dina tanah reja keusikna tina kawah; dina tanah noe hawana tiis oge aloes pisan.

Dina oesoem ngidjih tangtoe gĕde kaoentoengannana tina eta tjaoe, dina oesoem katiga koerang.

Eta tjaoe beunang dipĕlak sikina, tapi kaloembrahannana mah anakna bae noe djangkoengna kakara 3 kaki, sarta tjarangna koedoe 6 atawa 9 kaki, njadakkeun ngabaktaän dapoeran. Taneuhna koedoe brĕsih pisan; ngabrĕsihannana meudjeuhna 2 kali di djĕro sataoen. Dina katiloe taoenna beunang diala hasilna. Oepama hade taneuhna dina doewa taoen oge kaäla hasilna $^1/_3$, katiloe taoenna $^2/_3$, kaopatna tangtoe kaäla kabeh.

Tangkalna beunang ditoewaran, oepama geus aja anakna.

Ari rek diala ramatna oelah ngadagoan bidjilna boewah, sabab sok goreng. Oepama tangkalna geus meudjeuhna kolotna hade ditoewar kira-kira 1 kaki loehoerna tina taneuh. Gĕbogna toerih, tapi oelah lĕmboet teuing soepaja kira-kira 3 dim roebakna. Ari geus beunang noerih dikĕrok koe peso mintoel, soepaja beunang dagingna tinggal ramatna, toeloej dipowekeun; oepama geus sĕdĕng toehoerna didjoewal ka pasar. Hargana koemaha dipowena. Lamoen hoedjan atawa oepama ramatna goreng toehoerna, sok djadi beureum sarta ngoerangan koewatna djeung hargana.

Gĕbok noe pangloewarna ramatna rata beureum, tapi eta mah hade, leuwih koewat batan ramat bobo, ari hargana rada koerang.

Ongkosna mĕlak eta tjaoe nĕpi ka barang mimiti beunang diala hasilna, dina 4 baoe djadi 200 atawa 300 dolar; ari mindona mah ngan oekoer 60 dolar. Oepama eta pĕpĕlakan geus 3 taoen oemoerna oerang bisa meunang tidinja di djĕro satahoen 32 atawa 40 pikoel ramat, tapi teu tangtoe koemaha taneuhna bae.

Bajaran djalma-djalma noe koeli ari dina sapowena 20 atawa 25 dol. c., tapi karerejaännana mah sok satĕngahna tina ladang beubeunangannana atawa ramat bae dipake boeroeh.

Koeli noe tĕmĕn dina sapowe bisa meunang 20 pon ramat, dipoekoel; ratana tara leuwih ti 12 pon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Ari bĕnĕr mĕlakna mah tangtoe aja pĕrtikĕlannana katambahan koe anakna.

Sakali mĕlak lilana beunang diarah hasil nĕpi ka 15 atawa 20 taoen; lamoen leuwih ti sakitoe taneuhna goreng, djadi pĕpĕlakannana paraeh. Hamana eta pĕpĕlakan taja deui ngan sok raroengkad oepama gĕde angin.

Geus Sababraha kali njoba-njoba njijeun parabot keur ngaganti peso mintoel teja, tapi tatjan kabĕnĕran keneh bae. Salahna parabot anjar teja, nja eta beurat teuing djeung sok ngaroeksakkeun ramat. Ari pĕrloena koedoe hampang beunang dipindah-pindah.

Ramat anoe dikirimkeun ti Manila di taoen 1890:

ka tanah	Inggris	693,986	pikoel
»	Amarika	262,452	»
»	Australi	36,826	»
»	tanah-tanah sedjen	29,046	»
	Djoemblah	1022,310	pikoel.

1 pikoel hargana ± ƒ 25.— di kapal, djadi hargana noe 1,022,31 pikoel teh 1,022,310 × ƒ 25 = ± ƒ 25,557,750.

Ditambahan saeutik deui katrangan Toean Resident Menado.

Di poelo Sangi, bawahna residentie Menado, eta tjaoe-tali dipĕlak sĕrta aja oge di leuweung.

Djadina babari batan tjaoe bakoe.

Karĕsĕpna taneuh anoe rada tiis, oelah toehoer teuing.

Njadiakeun lahan tjara hoema bae, leuwih hade moen dipatjoel heula.

Noe dipĕlak anakna noe loehoer 2 atawa 3 kaki, tjarangna 9 ka 10 kaki.

Geus oemoer satahoen beunang ditoewar baris gĕbogna.

Gĕbogna diingkeun heula sakeudeung soepaja leuleus, tapi oelah waka toehoer, sabab moen kitoe goreng ramatna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

Ari ramat noe badag koe oerang poelo Sangi dipake njijeun rara djeung tambang, ari noe lĕmboet, aloes, didjijeun kanteh ditinoen djadi boëh djeung samping. Tapi memeh dikanteh dipekprek heula koe paloe kai soepaja leuleus.

Oepama aja noe rek njoba melak tjaoe-tali, pibibiteun aja di kebon tjobaän di Bogor, kari njoehoenkeun ka toewan Directeur Dr. Treub, mo boeroeng dipaparin.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

A. PRABOT DINA BOEKOE TOEWAN DE STURLER.

Noměr 1 tihang maneuh dina taneuh.

Noměr 5 peso mintoel noe bisa main. Gagangna pageuh koe tambang kana noměr 4 titintjak djeung kana noměr 2 saroepa timba.

Lamoen titintjak dikahandapkeun saeutik koe soekoe, pesoteh rada anggang tina kai anoe maneuh kana tihang noměr 1, soepaja bisa neundeun gěbog.

Tidinja titintjak dilesotkeun, gagang peso katarik kaloehoer, pesona neueul kana gěbog (noměr 6): dipaoet, nępi ka bejak dagingna djeung leuleueurna.

Noměr 3 bangbeurat, ditimbang beuratna kana meudjeuhnana peso neueulna kana gěbog. Ana hampang teuing mowal brěsih ramatna, ana beurat teuing raroeksak.

Noměr 7. Ramat noe geus bararěsih.

Noměr 8. Tjaoe tali.

B. PRABOT DERANG SANGI.

Noměr 1 tihang maneuh dina taneuh.

Noměr 2 kai noe bisa kaloehoer kahandap saeutik, dibangbeuratan koe batoe (noměr 7) soepaja neueul kana peso mintoel (noměr 3), noe maneuh kana tihang noměr 1.

Noměr 4 titintjak noe bisa main tjara noměr 2, pageuh kadinja koe tambang. Moen ditintjak kahandap, noměr 2 kabawa rada anggang tina peso noměr 3, soepaja bisa neundeun gěbogna, tidinja titintjak dilesotkeun, soepaja gěbogna kateueul kana peso, tidinja dipaoet, soepaja kapitjeun dagingna djeung leuleueurna, tinggal ramatna (noměr 5). Noměr 6 ramat noe geus brěsih;

Noměr 8 tangkalna tjaoe-tali.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

A. PRABOT DINA BOEKOE TOEWAN DE STURLER.



PNRI Baiel Pustaka

B. PRABOT OERANG SANGI.



PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI 6p Balai Pustaka

III

KATJANG DJĚPOEN (KADĚLE),

KARANGANNANA RADEN DJAJA-RĚDJA LOERAH DESA NJALINDOENG AFDEELING SOEKABOEMI KARĚSIDENAN PRAJANGAN.

Ari noe ditjaritakeun dihandap ijeu gawena katjang Djěpoen atawa Kaděle, djeung eta katjang asalna ti nagri Tjina atawa ti nagri Djěpoen.

Sarta eta katjang aloes pisan, karana bisa ngoewatkeun awak djělěma; matak ngahiroepkeun gětih djeung daging, arek njaroewaan bae kana daging sapi atawa kana sedjen-sedjen daging koewatna ka djělěma.

Sarta ěnggeus ditjaroba koe djalma anoe arahli ngoewatkeunnana eta katjang Djěpoen, sapěrti 1 kati katjang Djěpoen saroewa reudjeung bejas $3^{8}/_{10}$ kati, reudjeung djagong $3^{1}/_{10}$ kati, katjang boentjis $1^{1}/_{2}$ kati, katjang tanah atawa katjang Tjina $1^{4}/_{10}$.

Djaba tidinja loba pisan gawena, nja eta sok didjijeun koeweh-koeweh djeung roepa-roepa pisan anoe asalna katjang Djěpoen.

Koe sabab eta ditěrangkeun deui dihandap ijeu, anoe dipambrih soepaja djalma-djalma malar soeka, djeung tambah-tambah ngarejakeun pěpělakan anoe gěde hasilna sarta mangpaät sapěrti katjang Djěpoen.

ATOERAN MĚLAKNA.

Anoe ěnggeus kadjadian di district *Tjimahi*, nja eta di desa *Njalindoeng* djeung di sedjen-sedjen desa, hal mělak

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

katjang Dj̆ĕpoen di sawah, kira 1 boelan lilana ti sanggeus diboewat, eta sawah dibabad djaramina, toeloej diangkat diteundeun kana galĕng, sawahna dipatjoel ngabaladah heula. Kira heuleut 5 powe ti sanggeus ngabaladah, soepaja oelah haseum taneuhna, toeloej dipatjoel deui dilĕmboetkeun bari dirarata; sanggeus ngararata njijeun petakan lĕgana hidji-hidji petakan 3 kaki, kakara diaseuk tjarangna 1 kaki, mĕlakannana dina hidji-hidji lijang 2, 3 siki. Eta kadjadiannana aloes pisan, montok djeung hĕnteu ngombong, sarta leubeut pisan, djeung boewahannana hĕnteu lila, babari kaäla hasilna, oemoerna eta katjang Dj̆ĕpoen ngan 3 boelan 4 powe nĕpi ka boewahan.

Ari atoeran ngampihan bibit katjang Dj̆ĕpoen teja, samĕmeh dipĕlakkeun deui ti watĕs diala, koedoe 3 boelan antarana; oepama leuwih tina 3 boelan nĕpi ka 4, 5 boelan, eta kadjadiannana koerang hade, nja eta sok keuna koe hama ginggis (koneng); kitoe deui oepama koerang tina 3 boelan ngan 1 à 2 boelan bae, eta kadjadiannana daoen hedjo tangkalna montok, tapi boewahannana koerang leubeut.

Bibit anoe geus katjoba dina $^1/_4$ baoe, lobana 1 gantang beurat 40 kati, beubeunangannana dina 1 toembak □ $1^1/_2$ kati, harga dina 1 kati / 0,06, djadi kaitoeng dina 1 baoe meunang 750 kati harga / 45,00.

Sarta ĕnggeus njoba-njoba ngitoeng rejana siki, dina 1 toembak □ aja 8686 siki, dina tĕmpat anoe loehoerna ti laoet 1200 kaki.

Ari gawena katjang Dj̆ĕpoen teja, ajeuna arek ditĕrangkeun deui dihandap ijeu.

I. PĔRKARA KĔMBANG GOELA.

Mimitina njijeun kĕmbang goela, eta katjang disanggraj nĕpi ka koneng, oelah toetoeng: sanggeus disanggraj ditiiskeun, toeloej naheur goela pasir nĕpi ka goemajot kolot, oepama ĕnggeus goemajot eta goela, geuwat djait, oelah nĕpi kana kolotna, toeloej ngawadahan katjang anoe beunang njanggraj teja, diwadahannana koe ajakan kira $^1/_2$ batok klapa rejana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

nja eta ngagoelaännana dina ajakan, ari rejana goela sakali neundeun 3 sendok, toeloej ditapi-tapi loehoereun seuneu, ngarah toehoer kahaneutan: sanggeus toehoer, naheur deui goela, nĕpi ka goemajot ngora, ngagoelaän poenoengtoengan soepaja djadi roepa kĕmbang goela, oepama hĕnteu doewa kali ngagoelaännana, hĕnteu daekeun kĕmbangan, goendil bae. Ari modalna njijeun kĕmbang goela teja:

1	gantang katjang Djĕpoen beulian	/	0.60
15	kati goela pasir	»	» 3.—
1	tanggoengan arĕng	»	» 1.—
1	djalma koeli 5 powe	»	» 1.—
	Djoemblah modal	/	5.60

Beubeunangannana kĕmbang goela djadi 30 kelĕr (ples) sĕdĕng, harga dina 1 kelĕr / 0.50, djoemblah dina 30 kelĕr doewitna / 15.00; djadi kaoentoengannana / 9.40, tapi lakoena oesoem-oesoemman: oepama oesoem noe hadjat, njalamĕtkeun soenatan eta lakoe.

2. PĔRKARA KOEWEH SAPTOE (SATOE).

Ari mimitina njijeun koeweh saptoe eta katjang disangraj nĕpi ka koneng, sanggeus asak disanggrajna didjait ditiiskeun, sanggeus tiis dibawa ka lisoeng dilosoh, toeloej ditapikeun dipitjeun koeloemoedna, geus bĕrĕsih koeloemoedna ditipoeng dina loeloempang batoe atawa dina kĕblĕk, nja eta nipoengna sakalian djeung goela. Ari itoengannana 1 kati katjang 1 kati goela, djeung anggĕrannana nipoeng koedoe geus djadi hidji kakara ĕnggeus. Sanggeus beunang nipoeng didjaitan diwadahan kana njiroe, toeloej ditjitak sakali koe tjitakan saptoe anoe gĕdena tjitakan harga 4 siki saptoe / 0.01, dina 1 gantang njitakna sapowe anggeus. Modalna anoe geus katjoba:

1	gantang katjang Djĕpoen beulian	/	0.60
10	kati goela pasir	»	» 2.—
2	tanggoengan soeloeh	»	» 0.20
2	djalma koeli sapowe	»	» 0.40
1	tjitakan	»	» 0.50
	Djoemblah modal	/	3.70

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Ari beubeunangannana koeweh saptoe, beunang njitak 30 kelĕr (ples) sĕdĕng, harga 1 kelĕr sĕdĕng / 0.30, djadi anoe 30 kelĕr harga / 9.00, djoemblah kaoentoengannana / 5.30, tapi lakoena oesoem-oesoemman; oepama oesoem hadjat njalamĕtkeun njoenatan.

3. PĔRKARA NJIJEUN KETJAP.

Ari noe didjijeun ketjap, nja eta woewoeloehna katjang Djĕpoen, dina 1 gantang beulian / 0.60, toeloej eta katjang disanggraj, geus koneng didjait toeloej dikeueum koe tjai atah lilana sapowe sapeuting, sanggeus dikeueum toeloej diisikan, kakara diseupankeun, oepama geus asak ditamplokkeun kana tampir, bari dileahkeun, sanggeusna ditoeroeban koe karoeng, atawa koe daoen waroe lilana 6 powe 6 peuting, kakara diwadahan koe patiman; tidinja naheur oejah $^1/_2$ gantang beulian 21 sen, dimana geus ngagolak didjait dibandjoerkeun kana patiman anoe dieusi katjang teja, nĕpi ka 40 powe lilana dipowe bae, tidinja eta katjang noe dikeueum koe tjai oejah teja, toeloej dibandjoer koe tjai atah, bari diadoek-adoek, disaring koe ajakan bari dipeureut kana wadah diarah tjaina, lamoen masih keneh asin eta boekoerna ditambah deui tjai bari dipeureut, oepama geus teu pangset, boekoerna dipitjeun bae. Tidinja naheur goela kawoeng rejana 32 gandoe noe leutik beulian 40 sen, ari njaijannana dikira-kira bae, soepaja oelah toetoeng kana goelana, geus njĕngkab ngagolak dibandjoer koe tjai katjang teja, oepama geus ngagolak deui didjait, toeloej disaring koe lamak dikanapasokeun, ari boekoerna dipisahkeun. Tidinja eta tjai ditaheur deui geus kĕntĕl didjait, nja eta djadi ketjap no. 1, djadi 3 botol, harga 1 botol / 0.50, djadi anoe 3 botol / 1.50. Toeloej eta boekoerna panjaringan teh ditjokot deui, sarta ditjaian deui koe tjai atah, oepama aja keneh rasa asin, disaring deui koe lamak diwadahan tjaina, tidinja ditaheur deui, dimana geus kĕntĕl hĕnteu entjer teuing didjait, djadi ketjap no. 2. Djadi 3 botol, harga dina 1 botol / 0.40 doewitna / 1.20; lamoen eta boekoerna oeroet

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

meureut teja, masih keneh aja amisna ditjaian deui koe tjai atah bari digalĕj, toeloej disaring deui koe lamak, nĕpi ka sĕpa eta boekoerna, tidinja ditaheurkeun deui, dimana geus ngagolak, didjait djadi ketjap no. 3; meunang 5 botol, harga dina 1 botol / 0.25, doewitna meunang / 0.75 sen. Ari modalna njijeun ketjap dina

1 gantang katjang beulian		/ 0.60
1/4 » oejah	»	» 21
32 gandoe goela	»	» 40
soeloeh	»	» 10
1 koeli 1 powe		» 20
Djoemblah modal		/ 1.51
Djoemblah harga ketjap no. 1 no. 2 djeung no. 3		» 3.45
Oentoengna.		» 1.94

4. PERKARA TOTJO.

Anoe geus katjoba njijeun Totjo, eta katjang disanggraj nĕpi ka koneng, sanggeus disanggraj dikeueum koe tjai atah lilana sapowe sapeuting, toeloej diïsikan: oepama geus bĕrsih diseupankeun, dimana geus asak dileahkeun kana tampir, sarta make ragi, ari ragina nja eta tipoeng pare beunang njanggraj, dina 1 gantang ragina 1 tjatjangkir, toeloej diawoerkeun diadoek-adoek kana katjang anoe dina tampir teja, tidinja ditoeroeban koe karoeng atawa koe daoen waroe, lilana 2 powe 2 peuting, toeloej ditjatjag dina tampir bari dipowekeun, nĕpi ka eumeul-eumeul diwadahan koe patiman. Sanggeus diwadahan naheur oejah make tjai, rejana 1/2 tina 1/4 gantang, beulian / 0.10 1/2, nĕpi ka ngagolak didjait dibandjoerkeun kana katjang noe dina patiman teja, tapi oelah loba teuing tjaina, koedoe matjak-matjak bae; tidinja diteundeun 40 powe, geus nĕpi ka 40 powe toeloej naheur tjai atah, lamoen geus ngagolak diteundeunnan katjang anoe beunang ngasin teja, dimana geus ngagolak deŭi, digoelaän 20 gandoe beulian / 0.25; oepama geus lĕmpoer eta goela sarta ngagolak, didjait dibotolan djadi 15 botol, harga dina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

1 botol / 0.25, djoemblah doewitna anoe 15 botol / 3.75. Ari modalna ditĕrangkeun dihandap tjeu.

1 gantang katjang Dj̆ĕpoen beulian	/	0.60
oejah	»	»	10½
20 gandoe goela kawoeng	»	»	25
1 tanggoengan soeloeh	»	»	10
1 djalma koeli	»	»	20
Djoemblah modal.....	/	1.25½

Djoemblah kaoentoengannana tina katjang sagantang didjijeun Totjo / 2,49½.

5. PĔRKARA TODJI.

Ari mimitina njijeun Todji, eta katjang Dj̆ĕpoen dikoeloeb, geus dikoeloeb diïsikan ka tjai dipitjeun koeloemoedna, toeloej ditoeoeskeun. Dimana geus toeoes, kakara digiling dina batoe, nja eta diatji, sanggeus diatji ditoeoeskeun kana papan, ditoeroeban koe lamak bodas, isoekna dipotongan bari dipindahkeun kana tampir, dipowe: saboewat mowe naheur oejah rejana ½ tina ¼ gantang beulian / 0,10½, oepama geus eumeul-eumeul eta atji, saban powe dikepretan koe tjai oejah, bari dipowekeun lilana 20 powe, sanggeus 20 powe toeloej naheur goela rejana 40 gandoe, goela anoe sĕdĕng gĕdena beulian / 1,00, angĕrannana naheur nĕpi ka goemajot sĕdĕng, tidinja tahoe noe beunang ngasin teh dipotongan deui sakoemaha potongan Todji di pasar, tjai goela anoe beunang naheur teja diteundeun kana patiman, ari pĕtana neundeun tahoe kana patiman ditahap-tahap dihalangan koe katjang Dj̆ĕpoen, nja eta katjang bebekan anoe beunang ngasakan, pĕtana 2 lapis tahoe salapis katjang. Patimanna nĕpi ka pinoeh, pangloehoerna dibandjoer deui koe tjai goela ditoetoep koe katjang, toeloej dipowekeun dina patiman, lilana 20 powe kĕntjĕngna 10 powe. Ari ngadjoewalna 1 potong sadoewit, ari rejana dina 1 patiman sĕdĕng 500 potong harga / 4,16½.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

modalna	1 gantang katjang Djĕpoen	beulian	/ 0.60
	40 gandoe goela kawoeng	»	» 1.—
	1 tanggoengan soeloeh	»	» —10
	1 djalma koeli sapowe	»	» —20
	oejah $^1/_2$ tina $^1/_4$ gantang	»	» 10$^1/_2$
		Djoemblah modal	/ 2.00$^1/_2$

kaoentoengannana geus djadi Todji / 2,16.

6. PĔRKARA TAHOE.

Ari njijeun tahoe sakoemaha njijeun Todji bae, lamoen geus djadi atji, diantjlomkeun kana tjai oejah beunang naheur, nja eta soepaja peungkeur, oepama powe ijeu diatji, isoek didjoewal. Ari modalna.

1	gantang katjang Djĕpon	beulian	/ 0.60
	oejah $^1/_2$ tina $^1/_4$ gantang	»	» 10$^1/_2$
1	djalma koeli	»	» 20
1	tanggoengan soeloeh	»	» 10
		Djoemblah modal	/ 1,00$^1/_2$

Didjĕro 1 gantang katjang djadi 400 potong, harga dina 1 potong sadoewit, djoemblah doewitna anoe 400 potong / 3,33$^1/_2$; kaoentoengannana / 2,33.

7. PĔRKARA ONTJOM.

Ari mimitina njijeun ontjom katjang Djĕpoen, eta katjang dikoeloeb heula, sanggeus dikoeloeb ditoeoeskeun dina tolok, bari dikeueum 3 powe 3 peutting, toeloej diasoepkeun kana karoeng sanggeusna dikeueum, diteundeun dina papan didĕmpet dipitjeun tjaina, oepama geus sĕpa toeloej diseupankeun deui, dimana geus ngĕboel haseupna didjait, diwadahan koe sasag noe beunang ngamparan daoen tjaoe, sarta toeloej dileahkeun dirarata dina sasag, lamoen ĕnggeus rata, njatjag panjĕkar masing lĕmboet, nja eta bibit ontjom noe beunang noehoerkeun teja, toeloej diawoerkeun dipake ragi, lamoen

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

ĕnggeus rata ditoeroeban koe daoen tjaoe, diteundeun dina palanggar lilana 2 powe 2 peuting, kakara beunang didjoewal. Ari ngadjoewalna 2 potong sasen dina hidji sasag djadi / 1,25. Modalna di tĕrangkeun dihandap ijeu:

1	gantang katjang Djĕpoen	beulian	/ 0.60
2	tanggoengan soeloeh	»	» 30
3	sasag	»	» 30
1	aseupan	»	» 02½
1	karoeng	»	» 20
1	tolok pangeueuman	»	» 10
2	papan Panggĕntjettan	»	» 40
1	seĕng kaleng	»	» 40
2	djalma koeli	»	» 40
	daoen tjaoe	»	» 02½
	ontjom panjĕkar	»	» 02½
	Djoemblah modal		/ 2,77½

1 gantang katjang Djĕpoen djadi ontjom 3 sasag, harga dina 1 sasag / 1,25, anoe 3 sasag doewitna / 3,75, kaoentoengannana / 0,97½. Kaoentoengannana saeutik sabab mimiti, kaitoeng djeung prabotna.

8. PĔRKARA ANGEUN ATAWA LALAB.

Ari biasana di kampoeng, eta katjang Djĕpoen dikoeloeb djeung koelitna, atawa didjijeun angeun haseum.

9. PĔRKARA SAMBĔL BOEBOEK.

Mimitina eta katjang disanggraj nĕpi ka koneng, toeloej diangkat diteundeun dina loempang batoe, sanggeusna eta meuleum tarasi djeung bawang beureum, toeloej ditoetoewan ditjampoerkeun djeung katjang, make oejah, tjikoer, oedang kring.

Ari didaharna djeung sangoe ditjotjol atawa di awoerkeun kana kĕtan oerap.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

10. PĚRKARA SARONDENG.

Mimitina njijeun Sarondeng, nja eta njadiakeun samarana heula, noetoewan katoentjar djintĕn dina loeloempang, njiksik bawang beureum djeung maroed klapa, lamoen geus sadia samarana, eta katjang Dĕpoen dikeueum dina paso koe tjai panas, toeloej ditoeoeskeun soepaja toehoer, tidinja disanggraj nĕpi ka koneng, tapi oelah toetoeng, diteundeunnan minjak kalapa digoreng sakalian djeung samarana noe kasĕboet tadi, make tjampoer 2 gandoe goela kawoeng: lamoen geus asak sarta koneng, didjait tina panggorengannana.

Ari biasana di kampoeng, djeung sangoe didaharna.

Noe geus kadjadian modalna.

katjang sabatok klapa beulian	/	0,02½
samarana	»	» 01½
2 gandoe goela kawoeng	»	» 02
sabeulah kalapa	»	» 02
Djoemblah modal	/	0,08

Eta katjang dina 1 batok kalapa, didjijeun Sarondeng djadi 6 tjatjangkir leutik, hidji tjatjangkir didjoewalna / 0,02½: kaoentoengannana / 0,07.

11. KATRANGAN GOENANA TOETJO.

I. GARĚM ASĚM (OEJAH HASEUM).

Saoepama laoek mas digarĕm asĕm, dipitjeun heula sisitna toeloej ditjampoeran oejah, asĕm, kakara digoreng, lamoen geus satĕngah asak ditjampoeran koe Toetjo.

12. NGASAKAN DAGING KOE TOETJO.

II. (DAGING MASAK TOETJO).

Nja eta samarana bawang djeung tjabe disiksik, ari dagingna toeloej dipotong-potong, toeloej diteundeun oejah asĕm, samara anoe kasĕboet tadi digoreng koe minjak klapa, make tjampoer toetjo, lamoen geus asak, kakara dagingna dikanapanggorengankeun, ditjampoerkeun djeung samara tadi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

13. TJOWAN TJABE.

Ari mimitina eta tjabe dikoeloeb, toeloej njiksik bawang beureum digoreng, ditjampoeran koe Toetjo, lamoen geus asak samarana, eta tjabe beunang ngoeloeb teh, ditjampoerkeun kana samara, anoe eukeur digoreng.

Djaba ti eta anoe sok didjijeun kitoe, nja eta kol: ari njijeunna djeung samarana sakoemaha anoe geus ditĕrangkeun bijeu.

14. SEDJEN KATRANGAN.

Anoe ĕnggous kadjadian, eta Toetjo loba pisan gawena, saroepa-saroepana ditĕrangkeun deui dihandap ijeu:

1 atawa toetjona ditjotjol koe sangoe
2 atawa bonteng dipotong-potong disendokkeun
3 atawa didaharna djeung tjabe
4 atawa didaharna djeung salada
5 atawa djeung terong dipotong-potong.

Tatapi eta toetjo koemaha soekana djĕlĕma bae, didaharna djeung lalab atawa djeung seupan nja eta deungeun sangoe.

15. KATRANGAN GOENANA TODJI.

Ari goenana Todji, hĕnteu sakoemaha beda djeung Toetjo, anoe ĕnggeus katĕrangkeun diloehoer.

16. KATRANGAN GOENANA TAHDE.

Nja eta dikokolakeunnana digoreng koe minjak kalapa, sok dipake tjampoer gado-gado, atawa beunang ngagoreng dibeulah, diasoepan tjoeka, oedang kring djeung bawang goreng.

17. KATRANGAN GOENANA ONTJOM.

Ari eta ontjom koe djĕlĕma-djĕlĕma sok didjijeun angeun lĕlode, atawa digoreng bae koe minjak kalapa djeung dipais, kakara beunang didahar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

18. KATRANGAN GOENANA TOGE.

Biasana dikampoeng didjijeun angeun, eta toge digoreng heula koe minjak kalapa, make bawang beureum djeung ditjampoeran tahoe saeutik; oepama geus asak ditambah tjai panas sarta dioejahan.

19. SEUPAN TOGE.

Ari etamah seupan toge, digĕdekeun pisan koe djĕlĕma-djĕlĕma, nja eta dipake tjampoer gado-gado.

Sakoer anoe kasĕboet diloehoer ijeu, djalma-djalma asal dæk radjin tangtoe pisan aja oentoengna, djaba tina ngadahar.

Eta akarna katjang Djĕpoen djeung tangkalna leuwih hade ditjampoerkeun djeung taneuh noe rek dipĕlakan deui, oelah didoeroek: da loba atji-atjina ti batan pĕpĕlakan anoe rea, noe matak djadi gĕmoek aloes pisan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

IV

HAL KATJANG KĚDĚLE (DJĚPOEN).

KARANGAN LUITENAN TJINA BOGOR
TAN TJOEN HONG.

Di poelo Djawa ngan aja doea roepa bae katjang djěpoen atawa kadělе, anoe koe oerang tjina disěboetna *hoe touw*.

Ari anoe doea roepa, nja eta: anoe koelitna koneng djeung anoe koelitna hideung *Oeij touw* (黃荳) djeung *Ouw touw* (烏荳).

Eta katjang dipělakna koe oerang tanah Djawa oepama geus diboewat parena, toeloej sawahna diběrsihan deui, djeung toeloej bae dipělakan ijeu katjang; ari hargana eta katjang teu tangtoe, radjeun toeroen atawa naek.

Tapi eta katjang kadělе loba pisan kapakena koe oerang poelo Djawa, nja eta: didjieun *Tauw hoe* (荳付) *Tauw koa* (荳干) *Tauw tjio* (荳醬) *Tauw dji* (荳如) djeung *Ketjap* (荳油).

Kitoe deui eta katjang sok radjeun disajoer asěm (angeun haseum) nja eta katjang anoe geus dipitjeunan gagangna, toeloej dikoeloeb dina tjai anoe geus ditjampoeran oejah djeung asěm, oepama geus asak toeloej bae didjait; nja eta ngaranna sajoer asěm.

Ari katjang kadělе anoe koelitna koneng sok didjijeun samběl boeboek, dipitjeunan heula koelitna, sanggeusna kitoe toeloej bae disanggraj, oepama asakna geus sěmoe koneng dibawa kana kěblěk, ditoetoean sing lěmboet pisan, toeloej ditjampoeran trasi, tjabe djeung tjikoer, eta samběl boeboek rowa pisan anoe beuki didaharna reudjeung leupeut boeras.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Ari koe oerang Tjina mah nja eta sok didjijeunan *Tauwhoewe, Tauw hoe, Tauw koa, Tauw tjio, Tauw djï* djeung *Ketjap.*

HAL NJIJEUN TAUWHOE.

Eta katjang kadĕle dipitjeunan koelitna, toeloej bae dikeueum dina djĕro tjai atah, soepaja eta katjang beukah, toeloej bae diisikan soepaja koeloemoedna misah, toeloej eta dipitjeun; sanggeusna bĕrsih katjangna digiling dina panggilingan batoe, nepi ka boeboekna, toeloej dibandjoer koe tjai anoe bĕrĕsih. Ari tjipatina ditandean bari dipĕrĕs soepaja oelah aja hampasna, toeloej ditaheur. Ari makena *tjioko* kira-kira 2 tail pikeun 1 gantang katjang, eta tjioko dibeuleum toeloej bae ditoetoean, lamoen *tjiokona* kalobaän teuing *tauwhoena* peungkeur teuing. Toeloej bae eta tjioko ditjampoerkeun kana tjipatina anoe keur ditaheur, djeung deui diadoek sina tjampoer nĕpi ka rata, sanggeusna ditjampoeran, eta *tauwhoena* kalĕm kadjĕro, ari tjaina anoe herang dipitjeunan; ari eta anoe kalĕm nja eta *tauwhoena* atawa *kĕmbang tauwhoe.*

Tidinja toeloej bae njokot wadah kai anoe pasagi kira-kira djĕrona $^1/_2$ decimeter, toeloej diasoepkeun eta *tauwhoe* anoe masih keneh leuleus, tiloehoerna eta wadah ditindihan koe papan, sarta eta papan ditindihan deui koe batoe, anoe meudjeuhna beuratna, soepaja *tauwhoena* kapĕntjet sarta tjaina kaloewar, djeung deui eta *tauwhoe* meudjeuhna leuleusna.

Ari atoerannana njijeun *Tauwkoa* (荳干) eta *tauwhoewe* disiram koe tjai koneng sarta make tjai oejah, tapi njijeunna make digĕntjet keneh bae sapĕrti njijeun *tauwhoe,* kakara djadi *tauwkoa.*

HAL NJIJEUN TAUWDJI.

Ari anoe didjijeun *Tauwdji* nja eta *tauwhoe,* dilapis-lapis sarta diteundeunnan oejah diloehoereun oenggal lapisan bae; toeloej bae diteundeun dina patiman, lilana kira-kira 4 atawa 5 powe, soepaja oejahna njĕrĕp kana tauwhoe sarta djadi peungkeur.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Toeloej naheur goela kawoeng, oepama ěnggeus asak disiramkeun kana eta *tauwhoe* oenggal lapisan sina rata, toeloej eta *tauwhoe* salapis-salapisna dikaloewarkeun tina wadahna, patiman, toeloej njokot katjang kadĕle anoe bebekan sarta anoe geus boeloekan, eta tauwhoe diteundeunan deui kana patiman, ari pitana ngasoepkeun dilapis-lapis deui djeung katjang teja, salapis katjang, salapis tauwhoe, disiram deui koe tji goela kawoeng anoe beunang naheur teja, sanggeusna kitoe, toeloej dipowekeun di noe panas, ari disiramna deui koe tjai goela, 2 powe sakali sing nĕpi kakeueum koe eta tjigoela; oepama eta tauwhoe ěnggeus leuleus deui kakara djadi tauwdji.

HAL NJIJEUN TAUWTJIO.

Eta katjang djĕpoen (kadĕle) diseupan sina nĕpi kana hipoena, toeloej dirameus soepaja koeloemoedna misah, sanggeus kitoe dikeueum dina tjai atah, soepaja eta koeloemoedna ngarambang sarta tĕroes dipitjeun masing euweuh pisan koeloemoedna: sanggeusna kitoe toeloej njanggraj beas kĕtan: oepama geus koneng toeloej bae ditipoeng, djeung deui eta katjang anoe tadi tea tjampoeran koe tipoeng beas kĕtan, toeloej tapikeun mitjeunan kokotorannana, ari eta ngaranna tetempe atawa tauw tjio poh (菽醬渣). Oepama geus djadi tauwtjio poh dikeueum dina tjai oejah anoe meudjeuhna pangsetna, tidinja toeloej bae powekeun kira-kira 10 powe lilana, toeloej ditaheur deui ditjampoeran goela kawoeng saeutik anoe geus diasakan, djeung lamoen geus asak nja eta djadi tauwtjio, anoe karasana pangset.

HAL NJIJEUN KETJAP.

(菽油) TAUWJOE.

Eta katjang djĕpoen dipitjeunan heula tjangkangna bari dikoembah sina bĕrĕsih, toeloej bae dikoeloeb sing nĕpi ka hipoe, toeloej pitjeun tjaina. Sanggeusna kitoe, powekeun sina

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

satĕngah toehoer, toeloej diteundeun dina tatampa sina kaangin-angin. Kira saminggoe lilana dirameus deui dikoembah sina bĕrsih, toeloej dikeueuman koe tjai oejah dina tampajan. ari lilana kira-kira 24 djam sakalian ditambahan deui oejah kira-kira $^1/_2$ batok didjĕro 1 gantang katjang, soepaja oelah kakoerangan atawa kaleuwihan oejah. Lilana 40 powe diingkeun bae, sanggeusna kitoe dipĕrĕs diarah tjaina eta katjang, toeloej naheur goela kira 2 kati pikeun 1 gantang katjang, ditaheurna nĕpi ka kĕntĕl, dibandjoer deui koe tjai panas saeutik, eta tjai katjang toeloej ditjampoeran eta goela, toeloej ditaheurkeun deui, soepaja tina 10 bagian nĕpi ka 8 bagian saätna tjai, kakara djadi ketjap anoe karasana pangset.

TAUWHOEWE (荳花).

Oidaharna reudjeung goela, diasakannana tjara koewehkoeweh bae.

TAUWHOE.

Babakoena koe oerang tjina sok dipake gogorengan bae. Reudjeung tauwtjio oge ditĕdana raos.

ANGEUN TAUWHOE.

Make tjai samarana bawang, djahe, ari tauwhoena dipotong-potong, kitoe deui ditjampoeran laoek baseuh atawa oedang, anoe geus toehoer, djeung ditambahan samarana daoen bawang.

TAUWHOE TJOH (荳醬).

Tauwhoena digoreng, toeloej didjait, kakara ngagoreng bawang djeung djahe, ditjampoeran deui koe tauwtjio 1 à 2 sendok, soepaja angseuna seungit, toeloej eta tauwhoe ditjampoerkeun anoe meunang ngagoreng tea.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

TAUWKOA.

Eta Tauwkoa ditĕdana koedoe digoreng heula, toeloej di tjampoeran tjabe tjoeka, kakara beunang ditĕda.

Kitoe deui oepama ngasakan daging-daging nja eta samarana djahe, bawang, digoreng sarta ditambahan deui koe tauwtjio djeung tauwkoa tĕroes digoreng djeung laoekna; tapi ditambahan deui koe tjai kira-kira meudjeuhna, toeloej ngasakan Tauwkoa baso-baso anoe disĕboet koe boekoe walanda prekadel. Eta daging dipotong-potong anoe beunang njamaraän bawang, djahe, lada. Tauwhoe tea toeloej diasoepkeun kana tauwkoa anoe beunang meulah doea, toeloej dikoeloeb, ari ditĕdana djeung ketjap.

Sadjaba tidinja diolahkeunnana koe tjina masih loba, kapakena eta tauwtjio djeung ketjap.

Kitoe deui tauwtjio, tauwdji, atawa ketjap diolahkeunnana djeung dangdaoenan, sapĕrti: peuteuj, djengkol, djeung sadjaba tidinja raos pisan.

Djeung deui eta katjang kadĕle lamoen dikeueum lilana 12 powe bisa djadi tauwge.

Oepama ĕnggeus bidjil lalab-lalab anoe biasa ditĕda, nja eta lalab-lalab poepoetjoekan, didjijeun angeun raos pisan, sarta beuki tambah lakoe pisan tauwtjio, tauwdji, tauwhoe.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

V

HAL NGAGOELA KAWOENG, NGAGOELA LONTAR DJEUNG NGAGOELA KALAPA.

Goela kawoeng, goela lontar djeung goela kalapa noe didjaroewalan kareaännana roepana sok hideung sarta bĕje (mĕndo).

Djeung deui rasana sok rea noe baoe haseup.

Ari noe matak kitoe koe sabab goreng atoeran ngagoelana. Geuning soepaja lahang oelah haseum teh lodongna sok dipoepoet djeung diraroean, tapi sanadjan kitoe oge teu boeroeng bae sok aja lahang noe sok djadi haseum, nja eta noe matak goela sok bĕje, katambah-tambah sok katjida teuing njeuneuannana, djadi goela roepana sok hideung djeung pait.

Ari noe matak rasana sok baoe haseup, nja eta koe sabab lodongna dipoepoet tea.

Dĕmi ajeuna aja akalna ngagoela, soepaja goelana tĕgar, roepana djadi aloes sarta hargana djadi mahal, toer akalna teh babari pisan, teu koedoe tambah hese djeung tambah balandjana, malah-malah ngoerangan kabanggaännana.

Ari akalna teh kijeu:

Dina djadjambaran atawa paso taneuh ninjoeh apoe atawa kapoer, kĕntĕlna tjara kapoer pakeun moelas imah bae.

Samemeh lodongna ditagĕnkeun kana leungeunna kawoeng; eta lodong koedoe dikoengkoerahan koe tjai noe bĕrĕsih, geus kitoe toetoegkeun sina njoeroetjoed tjaina: tididinja njioek sagajoeng tji kapoer atawa apoe tea, pake ngoengkoerahan eta lodong sing katjida ngoetjlak-ngoetjlakna, toeloej ditengtengkeun, deui soepaja tjai apoena njaktjlakan djeung lodong rada toeoes.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

Dimana lahangna geus ditjitjikeun samemehna ditagĕnkeun deui kana leungeun kawoeng, koedoe dikoengkoerahan deui koe tjai djeung koe tjiapoe tjara tadi.

Eta kapoer beunang ninjoeh tea beunang dipake sababaraha kali, djadi montong dipitjeun dimana oenggal mĕntas dipake ngoengkoerahan teh.

Dimana eta lahang digodog, oelah katjida teuing njeuneuannana, djeung lamoen geus meudjeuhna, koedoe geuwat didjait atawa seuneuna dipareuman djeung deui oelah koerang ngagoewisna.

Tah oepama kitoe, goelana tangtoe aloes, koneng sarta tĕgar, djeung rasana moal baoe haseup atawa pait.

Oepama eta goela ditjitjikeun kana posong leutik tjara goela pasir, sarta dipopok tjara goela pasir, meureun bodasna teh moal sakoemaha bedana ti goela pasir.

Lamoen ngagoela rea, hade pisan njoba-njoba mopok tjara goela pasir.

Di Oengaran ijeu atoeran ngagoela make tjiapoe beunang tea koe toewan controleur J. J. Meijer gens dipĕtakeun, sarta goelana harade pisan.

Ajeuna didinja rea pisan toekang goela kalapa djeung goela kawoeng naroeroetan eta atoeran ngagoela kitoe.

Kitoe deui di district Kawali, afdeeling Galoeh, karesidenan Tjirĕbon eta atoeran ngagoela kitoe koe Wadanana geus didjalankeun, goelana nja araloes pisan, djaoeh ti goela sasari teh, sarta toekang-toekang goela didinja sĕmoena saroekaeun nakĕr kana ijeu atoeran, koe sabab atoeran lawas mah leuwih soesah djeung leuwih mahal, n'a eta:

1. Koedoe njijeun pamoepoetan:
2. Koedoe njijeun djalan haseup, sarta eta djalan haseup teh koedoe rĕmĕn diganti.
3. Moepoet lodong teh meakkeun gawe djeung tempo, djeung lamoen lalawora sok kahoeroean.
4. Koedoe make soeloeh, da eta soeloeh teh hĕnteu di oenggal tĕmpat taja hargana, ongkoh sok koedoe dibeuli.

Tah kitoe tjaritana oerang Kawali ka Wadanana.

Djeung deui di Oengaran mah rea djalma-djalma ma-

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

rĕlak kawoeng dilĕmboer-lĕmboer djeung goelana aloes pisan.

Ari di sedjen-sedjen tĕmpat saeutik keneh pisan anoe ngahadja mĕlak kawoeng dilĕmboer, da pagarkeun kawoeng pĕlak tara lahangan atawa tara djoeoeh, pada hal eta salah pisan, da boektina mah kawoeng pĕlak oge sok djoeoeh, sapĕrti di pasisir poelo Borneo sabeulah koelon, djeung di sedjen-sedjen karesidenan djeung afdeeling-afdeeling di poelo Djawa noe ti babaheula sok rea noe mĕlak kawoeng.

Dĕmi dipĕlakna habari pisan, masih di sĕsĕlana tatangkalan sedjen oge, djadi baë, nja ditoe deui masih di tanah are atawa di pagoenoengan nĕpi ka 4000 kaki oge ti laoet, asal siki noe dipake bibitna noe kolot, djeung noe moeloes djeung lamoen make petetan ti leuweung oelah noe leulik teuing, tapi anoe loehoerna sakaki satĕngah, djeung oelah roeksak akarna; djeung deui koedoe milih bangsa kawoeng noe leuir, ĕnja sok lila kaälana tea mah, tapi ana geus disadap sok lila lahangannana djeung sok djoeoeh.

Ari noe matak aja tjarita kawoeng teu beunang dipĕlak, nja eta sabab mĕlakna bangsa anoe goreng, sapĕrti kawoeng saeran. Kawoeng eta, djadina di leuweung oge, roegi disadap, tapi lamoen mĕlak anakna kawoeng gĕde, mo boeroeng djadi hasil.

Tah eta hĕnteu kapikir koe anoe njawad mĕlak kawoeng.

Di Wanaradja rea abdi-abdi noe mĕlak kawoeng, marga piwoerookna toewan Ples oeroet Kontroleur Limbangan; nĕpi ka ajeuna kira-kira geus 30 taoen.

Nja kitoe deui abdi-abdi di Panembong kalawan pitoedoeh koela, geus marĕlak kawoeng di sisi-sisi hoemana atawa tĕgalannana, wani aloes pisan katendjona djadjaran kawoeng teja, satoeroet sisi hoema.

Sanggeusna noelis eta noe ti loehoer meunang bedja jen di afdeeling Soekaboemi geus reja toekang goela kawoeng naroeroetan atoeran anjar sĕrta goelana tambah aloes djeung

naik hargana, malah di district Kawali, afdeeling Galoeh, meh kabeh toekang goela ajeuna marake apoe, ninggalkeun moepoet; djeung harga goela noe asal 50 sen, ajeuna nèpi ka 70, 80, 90 sen.

Kitoe deui di district Pandjaloe, afdeeling Galoeh keneh, djeung di afdeeling Oengaran (goela kawoeng sĕrta goela kalapa) djeung di Kepandjen, residensi Pasoeroewan; sĕrta abdi-abdi didinja tambah gĕtol mĕlak kawoeng di boeroewan djeung di hoema-hoema. Ari goelana aja noe meh bae bodasna tjara goela pasir, koe sabab didinja memang aja toekang goela anoe paham njieun goela aloes, toeroeg-toeroeg ajeuna manggih atoeran noe leuwih sampoerna ti batan atoeran biasa.

P

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI

EUSINA.

lambaran.

I. Hal mĕlak Balingbing karangan dalĕm, Dĕmak, disalin kana basa soenda koe Raden Rangga Soeria Nata Lĕgawa, Patih afdeeling Soekaboemi..... 3

II. Hal tjaoe-tali. karangan toewan K. F. Holle, disalin kana basa soenda koe Raden Soeria Nata Madĕnda, djroetoelis Wadana Tjimahi (Soekaboemi)..... 12

III. Hal katjang kadĕlé, karangan Raden Djajarĕdja, loerah desa Njalindoeng (Tjimahi)..... 22

IV. Hal eta keneh, karangan Luitenant tjina Bogor Tan Tjoen Hong..... 33

V. Hal ngome goela aren, kalapa djeung goela lontar, karangan toewan K. F. Holle, disalin bana basa soenda koe Raden Soema di Pradja, Djoeroebasa soenda..... 38

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI 6p Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
PNRI Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA
PNRI bp Balai Pustaka



DE VRIEND VAN DEN LANDMAN

(SOENDASCHE TEKST).

DEEL X.

(GOUVERNEMENTS BESLUIT 9 JUNI 1893 N°. 17).

B. AVIA
LANDSDRUKKERIJ
1893.